# TEXT AND SPEECH FEATURES OF SAGINBAY IBRAGIMOV'S WORKS

**Kosımbetova Aygul Yesbosinovna**
PhD student at Karakalpak State University named after Berdakh
ORCID iD: 0009-0006-6132-9194
aygul_qosimbetova@karsu.uz

***Abstract.*** *The intonation structure of poetic speech is known to the author at the time of creation of the poem. This article notes that the style of creating a poetic text by Saginbay Ibragimov differs from ordinary poetic texts in the arrangement of the lines of the poem and the close connection of all elements. From the author's point of view, a nominative aimed at one goal is analyzed - a complex structural feature that explains aesthetic information.*

***Keywords****. Poetic speech, speech intonation, rhythm, models of ontological poetics, style, synergetics, synergetic text, metaphor, text, poetics of the text.*

# ТЕКСТОВЫЕ И РЕЧЕВЫЕ ОСОБЕННОСТИ ПРОИЗВЕДЕНИЙ САГИНБАЯ ИБРАГИМОВА

***Аннотация.*** *Интонационный строй поэтической речи известен автору на момент создания стихотворения. В данной статье отмечено, что стиль создания поэтического текста Сагинбая Ибрагимова отличается от обычных поэтических текстов расположением строк стихотворения и тесной связью всех элементов. С авторской точки зрения проанализирован номинатив, направленный на одну цель – сложный структурный признак, объясняющий эстетическую информацию.*

***Ключевые слова****. Поэтическая речь, речевая интонация, ритм, модели онтологической поэтики, стиль, синергетика, синергетический текст, метафора, текст, поэтика текста.*

# САҒЫНБАЙ ИБРАГИМОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ ТЕКСТИ ҲӘМ БАЯНЛАНЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

***Аннотация.*** *Поэтикалық баянлаўдың интонациялық дүзилиси қосық пайда болыўы ўақтында-ақ, авторға белгили болады. Бул мақалада Сағынбай Ибрагимовтың қосық текстин жаратыў усылы дәстүрий поэзиялық*

*текстлерден қурылысы, қосық қатарларының жайласыўы менен айырылып туратуғынлығын, барлық елементлери өз-ара тығыз байланысынан пайда болған ҳәм автордың көзқарасынан келип шығып мәлим бир мақсетке бағдарланған номинатив - естетикалық информацияны түсиндириўши қурамалы структуралық өзгешелиги анализленди.*

***Гилт сөзлер.*** *Поэтикалық баянлаў, баянланыў интонациясы, ырғақ, онтологиялық поэтика моделлери,стил, синергетика, синергетикалық текст, метафора, текст, текст поэтикасы.*

Көркем тексттиң өзгеше ырғақлық – интонациялық структурасы туўрыдан-туўры оның синтаксислик структурасына сәўлелендирилип, синтаксислик бирликлер менен категориялардың семантикалық ҳәм функционаллық сыпатына тәсирин тийгизеди. Көркем тексттеги гәп, оның дүзилиси, гәп ағзаларының орын тәртиби, гәплердиң өз ара байланысы сыяқлы әдеттеги синтаксислик категориялар да тексттиң ырғақлық–интонациялық қурылысына бейимлесип, семантикалық қурылысының өзгешелигине ғәрезли болады. Көркем текстте гәп салыстырмалы түрде ғана өз алдына бирлик болып табылады. Гәпке байланыслы барлық мәселелер контекстлик ҳәм текстлик бирлик арқалы анықланады:

Жети асырым жолларды басып,
кейниңе қарасаң—
изинде
от пенен суў қарысып атады...
кеше болғанында бүгинги ақылың,
усы әмеллериң болса еди кеше...
Бармағыңды тислеп қала бересең.
Тартылған сызықтай туўры еди жоллар,
сен өзиң жолсыздан кете бергенсең.
Қайтып ойнап болмас бул ойынларды.

Текст қурылысы жағынан бөleклерге ажыратылған, ондағы сызықша, көп ноқат, жеке бир сөздиң (изинде) бир қатарда бериliўи пикирдиң дәслеп түсиндирмели мазмунда келип, соң даралап ис-ҳәрекеттиң, ўақыяның нәтийжесин көрсетиў арқалы оқыўшыға тәсир етеди. Бул текстте **жол, ойын** лексемасы арқалы инсан өмири, **бүгин ҳәм кеше** лексемасы арқалы өтмиш ҳәм ҳәзирги жағдайы берилген. Ал, **бармақ тислеў** фраземасы арқалы өкиниш сезими аңлатылған. Текст тили әпиўайы, деген менен инсанды өзин талқылаўға бағдарлайды. **Көп ноқат** пенен **усы** силтеў алмасығы текстти оқып атырған адамның ишки өкинишлерин, қәтеликлерин көз алдына келдиртеди. Яғный,

унамсыз ишки кеширмелер анық көрсетилместен оқыўшының өзине қалдырылған. Мысалы:

Жайғаса алмадым төрт пасылға мен,
пасылдан-пасылға
еңсем шыдамас -
қутылмақ мойынға түскен жүклерден
жоқ маған. **Бесинши мәўсимиңди** аш,
жилўалы тәбият, кербаз тәбият,
саўдалы тәбият, араз тәбият! -
**Оймақ** сеннен гөре кеңлеў көринди-
бул не пейли тарлық, сам-саз тәбият?

Адам өмири ҳаққында айтылған пикирлердиң мазмуны жағынан философиялық усылда сүўретлениўи шайыр Сағынбай Ибрагимов дөретиўшилигине тән қубылыс.

Текст лингвопоэтикасының анализлениўинде шайырдың поэтикалық баянлаўының мазмунын ҳәм усылын үйрениў лазым. Биз Сағынбай Ибрагимов шығармаларындағы өзгешеликлерди уйренип, оның текстлеринде онтологиялық поэтика моделлери бар екенин, синергетикалық усыл арқалы берилгенин анықладық.

Поэтикалық баянлаў арқалы синергетиканың теориялық –методологиялық изертлеўлериниң нәтийжелери филологиялық мәселелер шешиминде универсал жантасыўларға тийкарланатуғын текст онтологиялық поетика анализиниң моделлерин жаратыўда зәрүрли. Онтологиялық поэтика әлемниң пүтин илимий-философиялық тәбиятының көринисин аңғарыў арқалы болмыс тийкарын шөлкемлестирген әлем ҳәм адам мунасәбетлериниң терең қатламларына нәзер таслайды. Бундай жантасыўда көркем текст, оның авторы дүньяға көз қарасы өз саўлелениўин тапқан текст асты мәниси өзинде сырлы мәнислерин жүзеге шығарыўда өнимли қолланылады. Көркем текст анализи ойда саўлелендириўди, поэзияның қурамалы системасын үйрениўде баслы дыққат синергетикалық текстке қаратылыўы керек.

Синергетикалық текст — бул бир қанша түпкиликли, тиккелей гүзетилмеген, сырлы, транссендент мәнислерден ибарат болып, текст қурамындағы тегис емес байланыслардың комплекси.

Бул усыл көркем тексттиң түп мәнисин өзинде пүтинлигинше улыўмаластырған ҳәм дөретпениң онтологиялық қатламының тийкары болған, тарийхый -мәдений мәнис билдиретуғын характерге ийе артемалар, олар ҳәрекет етип атырған орын ҳәм ўақыттың максимал дәрежеде күшли, оғада тығыз, кескин жағдай ҳәм ҳәдийселеринде көринетуғын болады (турмыс ҳәм өлим;

раўажланыў—жемирилиў; муҳаббат—дәрт; ҳақыйқат -өтирик; барлық—жоқлық).[7:110 ]Мысалы:

жайғасқан жеримде қаламан мен де,
Қудиретим келмес өз даўысымнан
шығып қыйғырыўға. Ҳәм мына Жерде
төрт ғана пасыл бар. Жер мәкан саған.
Тәбият сыяқлы төрт мәўсиминдеги
көкирегиме пүтин сүўрет киреди -
түсиме мен ашық шыңлар енеди,
жасайман бәнт болып қыялларымда.
Жүргим келетуғын соқпақларым бар,
кешким келетуғын жылғаларым бар,
журт сезбес нәрселерге берип итибар,
жасайман бәнт болып қыялларыма.
О төбеме келген жолы аўыр Қуяш
ядыңа ал, мен ҳәм айнаңда барман,
мени ҳалықтырған мына қыя-даш,

қорқаман, айырар қыялларымнан...-бул мысалда әлем, инсан, оның сезимлери, иләҳий түсиниклер метафоралық усылда берилген.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, автордың екинши реаллықты жаратыўға деген жеке мүтәжлиги бар, ол оны модернистлик усылда баянлайды. Сондай-ақ, бул мүтәжликти аңлатыў тил бирликлери арқалы әмелге асырылады. Көркем текст басқа көркем дөретпелерден ҳәр тәрепleme парықланып, тиллик көз қарастан қарағанда, тийкарғы парық көркем әдебиятқа байланыслы текстлерде зәрүрли орын тутатуғын тил бирликлериниң қолланыў өзгешелиги болып табылады.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика (оқыў қолланба) –Тошкент:Ёшлар нашриёти.2020.-152б.

2. Kosimbetova Aygul Yesbosınovna. Poetic Service of syntactic constructions in the works of Saginbay Ibragimov. Periodica Journal of Modern Philosophy, Social Sciences and Humanities.2023.p.142-145.

3. Косымбетова А.Сағынбай Ибрагимов шығармаларында асиндетонның қолланылыў өзгешелиги. «Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери»атамасындағы (филология илимлериниң докторы П.Нуржановтың 60 жыллық юбилейине бағышланған) республикалық илимий-теориялық конференция мақалалар топламы. «Arial Nukus» ,баспасы.2023.Б.277-281

4. Косымбетова А .Сағынбай Ибрагимов шығармаларында синтаксислик бирликлердиң поэтикалық хизмети. Филология илимлериниң докторы Нажимов Пердебай Аймановичтың 60 жыллығына бағышланған. Ғәрезсизлик дәўири гуманитар илимлериниң актуал мәселелери // Республикалық илимий-әмелий конференция материаллары. ӨзРИАҚБ Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты. – Нөкис: «Илимпаз», 2023. – б.92-95

5. Косымбетова А. Каракалпакская лингвопоэтика и ее развитие. Международной научной конференции «Современная лингвистика: ключ к диалогу» в рамках Казанского международного лингвистического саммита 2023 (KILS-2023) декабрь. Казан

6. Мирзаев И.К. Проблемы лингвопоэтической интерпретации стихотворного текста: Автореф.дисс.канд.филол.наук. –Ташкент, 1992. –40 с.

7. Toshniyozova R.Ontologik poetika —badiiy matnni oʻrganishda yangi yondashuv sifatida. Oltin bitiglar.Golden scripts 2019/4 . ISSN 2181-9238. B- 99—119

8. Якупова Г.З. Лингвистическая поэтика текстов стиха Сибгата Хакима: Автореф.дисс.канд.филол.наук. Казань. 2008. – 22 с.

9. Шантарович С. А. Фактор адресата в литературоведческих исследованиях текста. коммуникативная компетенция: принципы, методы, призмы формирования: сб. науч. ст. / под ред. Л. А. Муриной, Ф. М. Литвинко. - Минск: Ривш БГУ, 2004. - вып. 6.